

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung analisis data ngeunaan Modél Pangajaran *Complete Sentence* dina pangajaran ngalarapkeun kecap panyambung, bisa dicindekkeun yén:

1. Kamampuh ngalarapkeun kecap panyambung siswa kelas VIII-8 SMPN 43 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Complete Sentence* ngaronjat. Ditingali tina bédana rata-rata skor pratés jeung pascatés. Skor pratés 727 jadi 1223 kalawan béda 496. Ogé katitén tina peunteun pratés 2019,4 jadi 3397,2 kalawan béda 1337,8.
2. Ayana béda anu signifikan antara kamampuh ngalarapkeun kecap panyambung siswa kelas VIII-8 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2011/2012 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Complete Sentence*. Hal ieu bisa katitén tina hasil uji gain nya éta 49,3 ngaronjat jadi 82,9 kalawan béda 33,6.
3. Tina uji hipotésis anu ngahasilkeun $t_{itung} > t_{tabel}$, nya éta $11,82 > 2,42$ bisa dicindekkeun yén hipotésis kerja (H_a) ditarima jeung hipotésis nol (H_0) ditolak. Hal ieu nuduhkeun yén modél pangajaran *Complete Sentence* éfektif dipaké dina pangajaran ngalarapkeun kecap panyambung ka siswa kelas VIII-8 SMP Negeri 43 Bandung.

5.2 Rékoméndasi

Sabada diayakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran ngalarapkeun kecap panyambung ngagunakeun modél *Complete Sentence*, aya sababaraha rékoméndasi tina ieu panalungtikan, di antarana:

1. Modél pangajaran *Complete Sentence* bisa dijadikeun salah sahiji alternatif pikeun guru dina pangajaran adegan basa nya éta ngeunaan kecap panyambung, lantaran kabukti éféktif.
2. Ayana panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *Complete Sentence* dina matéri pangajaran lianna pikeun leuwih ngabuktikeun kaéféktifan éta modél pangajaran;
3. Pikeun panalungtik satuluyna dipiharep bisa leuwih asak dina ngararancang pangajaran ngagunakeun modél pangajaran *Complete Sentence*.